

Ronka urucanco rwawe rw'inyongera rwa COVID-19



Urucanco rw'inyongera rwa COVID-19 ni iki?

Urucanco rw'inyongera rwa COVID-19 ni urucanco rukomeza inkingiramubiri kandi rukagwiza ukwikingira COVID-19.

Ni hehe noronka urucanco rw'inyongera?

Umurwi ujejwe gucandaga abantu urafasha abantu baba i Maine kuronka n'ingoga urucanco rwa COVID-19 hafi y'aho uba.

Hamagara: 1-888-445-4111

kuwa mbere - kuwa gatanu, isaha 3 zo mu gitondo gushika isaha 11 n'igice z'umuhingamo.

Ku vyerekeye guhindura mu ndimi, hamagara inomero maze uvuge ururimi wipfuzwa.

Hoba hariho uburyo bwo kwiunguruza?

Ego, nimba ukeneye uburyo bwo kwiunguruza, hamagara, andika ubutumwa canke wandike ku buhinga ngurukanabumenyi MANA:

207-387-0749 | car@mana-maine.org

CANKE hamagara 1-855-608-5172

Ndashobora kwiteza urucanco rw'inyongera rwa COVID-19 hamwe n'urucanco rw'ibicurane icarimwe?

EGO, urashobora guterwa incanco z'ibicurane na COVID-19

Ni ryari noronka urucanco rwanje rw'inyongera rwa COVID-19

Ku bantu batewe urucanco rwa COVID-19 rwa Pfizer-BioNTech canke Moderna, imirwi ikurikira irakwije ibisabwa kugirango ironke urucanco rw'inyongera inyuma y'amezi 6 canke arenga kuva baronse ncanco zabo za mbere:

- Abantu bafise imyaka 65 n'iyirenga
- Abantu bafise imyaka irenga 18 baba umwanya muremure mu bigo vyo kwitabwaho
- Abantu bafise imyaka irenga 18 bafise ingorane z'amagara
- Abantu bafise imyaka irenga 18 bakora canke baba ahantu bashobora kugira ivyago vyinshi vyo kwandura

Incanco z'inyongera zirasabwa ku bantu bose bafise imyaka 18 n'abayirenga n'imiburiburi amezi 2 kuva baronse urucanco rwabo rwa COVID-19 rwa J&J/Janssen

Ndashobora kuvanga no guhuza incanco?

EGO. Abantu bamwe bamwe barashobora kuba bifuzwa ubwoko bw'urucanco baronse ubwa mbere abandi nabo barashobora guhitamwo urucanco rw'inyongera rundi. Kuva ubu, ivyo CDC isaba biremera buno buryo bwo kuvanga no guhuza incanco mu gihe co kwiteza urucanco rw'inyongera.

urucanco rw'inyongera n'urwo ku buntu? Noba nkeneye ubwishingizi bwo kwa muganga?

EGO, incanco z'inyongera za COVID-19 n'izo kubuntu

OYA, ubwishingizi bwo kwa muganga ntibukenewe.

NTA bijanye n'ubwimukira bwawe uzobazwa